



Evite Pèdi Vizyon ou Nèt

Teste Timoun yo pou Anblyopi epi Voye yo swiv Tretman Bonè

Anblyopi (ki pwononse “an-bli-yo-pi”) se yon pwoblèm vizyon sou jèn timoun. Maladi sa a kapab lakòz timoun nan pèdi vizyon li nèt si timoun nan pa swiv tretman. Twa adilt sou 100 gen vizyon yo ki redui nèt paske anblyopi yo pa t trete lè yo te timoun.

Kisa ki lakòz anblyopi?

Zye yo ak sèvo a travay ansanm pou ede nou wè. Lè yon moun gen anblyopi, youn nan zye li yo pa kominike avèk sèvo li. Poutèt sa, pati sèvo a ki responsab pou vizyon nan zye sa a pa devlope byen jan li ta dwe devlope.

Yon moun gen anblyopi lè:

1. Yon zye li dekonsantre;
2. Zye yo pa aliyen kòrèkteman (estrabism);
3. Gen yon zòn twoub nan lantiy zye a (katarak) oswa yon pwoblèm nan popyè yo; oswa
4. Gen yon myopi, yon ipèmetwopi oswa yon asimetri ki grav nan kòne zye a (astigmatism).

Kijan ou kapab di si yon timoun gen anblyopi?

Sof si yon timoun gade yon jan kwaze, popyè k ap tonbe oswa katarak, anjeneral, paran yo pa kapab di si yon bagay pa bon. Pou detekte anblyopi, paran yo ta dwe fè tcheke vizyon timoun yo nan vizit yo fè chak ane nan klinik pedyat ak lè yo bay tès vizyon nan lekòl.

Pandan tès la, timoun nan dwe idantifye lèt oswa desen ki sou yon tablo avèk youn nan zye li ki kouvri. Yo teste chak zye apa. Si gen yon pwoblèm, timoun nan ta dwe wè yon doktè zye pedyatrik (oftalmolojis oswa optometris).

Èske doktè kapab trete anblyopi?

Wi! Tretman an kapab amelyore vizyon an epi anpeche pifò timoun pèdi vizyon yo nèt—men *sèlman* si yo jwenn pwoblèm nan bonè. Tank tretman an fèt pi bonè, tank ap gen plis chans pou yon timoun vin gen vizyon li ankò nan zye ki gen anblyopi a. Nan laj 8 tan oswa 9 ane, li ka twò ta pou trete anblyopi avèk sikse.



Kijan doktè trete anbliyopi?

1. Rezoud kòz anbliyopi a.

Doktè a ka preskri linèt pou amelyore konsantrasyon an oswa pou aliye zye yo. Timoun nan ka bezwen fè operasyon si li gen yon katarak oswa yon lòt pwoblèm fizik nan zye li.

2. Ranfòse zye ki gen anbliyopi a.

Timoun nan ka bezwen patch nan zye ki pi fò a pandan kèk èdtan pa jou, epi/oswa doktè a ka preskri konngout pou zye oswa pomad k ap fè vizyon an vin twoub nan zye ki pi fò a, pou fòse zye ki gen anbliyopi a travay.

Kèk ti konsèy pou paran yo

- Asire pitit ou konnen li enpòtan pou li mete yon patch, epi mete patch la pa yon pinisyon. Montre ou serye, men montre jantiyès tou. Li pa fasil pou sanble oswa santi yon diferan.
- Si pitit ou mete yon patch deyò lakay li, eksplike timoun nan enpòtans patch la pou pwofesè yo, moun k ap pran swen pitit ou ak kamarad jwèt li yo, epitou ankouraje yo pou yo sipòte pitit ou.

Konbyen tretman an ap dire?

Tretman an kapab dire ant kèk semèn a plis pase yon ane. Apre tretman an, timoun nan ap bezwen fè kèk tchekòp jouk nan laj 9 oswa 10 zan pou asire anbliyopi a ale.

- *Ou ta dwe fè doktè egzamine timoun yo pou detekte pwoblèm vizyon chak ane nan klinik pedyat oswa nan lekòl.*
- *Okenn timoun pa twò jèn pou fè yon egzamen zye konplè si yon bagay sanble pa bon.*
- *Anpil plan asirans, tankou Medicaid, garanti depans pou yon egzamen vizyon konplè ak yon pè linèt.*



Lòt Resous

Depatman Sante Vil New York
(New York City Health Department)
nyc.gov/health

Asosyasyon Ameriken pou Oftalmoloji ak Estrabism Timoun
(American Association for Pediatric Ophthalmology and Strabismus)
www.aapos.org

Enstiti Nasyonal pou Zye
(National Eye Institute)
www.nei.nih.gov

Akademi Oftalmoloji Ameriken
(American Academy of Ophthalmology)
www.aao.org

Akademi Pedyatrik Ameriken
(American Academy of Pediatrics)
www.aap.org

Asosyasyon Optometrik Ameriken
(American Optometric Association)
www.aoa.org

Evite Lamerik Vin Avèg
(Prevent Blindness America)
www.preventblindness.org